**दिन–शनिवार** **दिनांक–13.06.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे भारतक युवा विज्ञान, प्रौद्योगिकी, अंतरिक्ष, विनिर्माण, सेमी कंडक्टर आ ड्रोन एहेन क्षेत्र सभ मे उल्लेखनीय उपलब्धि हासिल कऽ रहल छथि। सोशल मीडिया पोस्ट मे, ओ कहलनि जे भारत आइ विश्वक प्रमुख स्टार्टअप केंद्र सभ मे सम्मिलित अछि आ एकर सफलता मे छोट शहर आ गामक युवा लोकनिक महत्वपूर्ण भूमिका अछि। प्रधानमंत्री खेलकूद मे युवा लोकनिक उत्कृष्ट प्रदर्शनक सराहना करैत कहलनि जे भारतीय खेलाड़ी लोकनि अंतर्राष्ट्रीय प्रतियोगिता सभ मे देशक मान बढ़ौलनि अछि। ओ कहलनि जे स्टार्टअप इंडिया, डिजिटल इंडिया, स्किल इंडिया आ अटल इनोवेशन मिशन जकाँ पहल सँ नवाचार आ उद्यमिता के बढ़ावा भेटल अछि। श्री मोदी कहलनि जे पछिला बारह वर्ष सँ एनडीए सरकार युवा–नेतृत्वबला विकास के प्रोत्साहित कऽ रहल अछि, जाहि मे देशक युवा लोकनिक आत्मविश्वास बढ़ल अछि आ ओ अपन सपना के पूरा कऽ रहल छथि।

---

केंद्र सरकारक बेटी बचाओ, बेटी पढ़ाओ योजना देशभरि मे बालिका लोकनिक सशक्तिकरणक एक पैघ अभियान बनि गेल अछि। महिला आ बाल विकास मंत्रालयक अनुसार, पिछला दस वर्ष मे, जन्मक समय लिंगानुपात नओ सय अठारह सँ बढ़ि कऽ नओ सय उनतीस भऽ गेल अछि। ओतहि, माध्यमिक स्तर पर छात्रा लोकनिक नामांकन सेहो लगभग पचहत्तरि प्रतिशत सँ बढ़ि कऽ अस्सी प्रतिशत के बराबर भऽ गेल अछि। मंत्रालय कहलक अछि जे ई योजना बालिका लोकनिक शिक्षा, सुरक्षा आ सशक्तिकरण के बढ़ेबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निबाहि रहल अछि।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी उद्योग, निवेश, रोजगार आ आधारभूत संरचनाक विस्तार के सरकारक सर्वोच्च प्राथमिकता जनौलनि अछि। पटना मे आयोजित एक कार्यक्रम मे श्री चौधरी कहलनि जे राज्य मे निवेश के बढ़ावा देबाक लेल उद्योग सभ के तीस दिनक भीतर सभ आवश्यक स्वीकृति उपलब्ध करा देल जायत। ओ जनौलनि जे बिहार मे बारह नव टाउनशिप विकसित कयल जा रहल अछि, जाहि मे पैघ स्तर पर निवेश प्रस्तावित अछि।

मुख्यमंत्री कहलनि जे बिजली, सड़क आ आन बुनियादी सुविधा सभक विस्तार सँ औद्योगिक विकास के गति भेटि रहल अछि। ओ कानून–व्यवस्था के विकासक महत्वपूर्ण शर्त जनबैत कहलनि जे अपराध पर प्रभावी नियंत्रण स्थापित कयल गेल अछि। मुख्यमंत्री उद्योगपति, चार्टर्ड अकाउंटेंट्स आ कंपनी सचिव सभ सँ बिहारक आर्थिक विकास मे सक्रिय भागीदारी के अपील कयलनि।

———————————————————————————

राष्ट्रीय लोक मोर्चाक राष्ट्रीय अध्यक्ष पदक लेल उपेन्द्र कुशवाहा निर्विरोध निर्वाचित भेलाह अछि। नव दिल्ली मे आयोजित राष्ट्रीय अधिवेशन मे श्री कुशवाहा के निर्वाचनक घोषणा कयल गेल। राष्ट्रीय अध्यक्ष पदक लेल कियो आन गोटे अपन नामांकन दाखिल नहि कयने छलाह।

———————————————————————————

राजस्व एवं भूमि सुधार विभाग पंद्रह जून सँ अभियान बसेराक दोसर चरणक शुरूआत करत। एक्कैस जून धरि चलऽबला एहि अभियानक उद्देश्य भूमिहीन परिवार सभ धरि बसो वास भूमि के अधिकार पहुँचायब आ भूमिहीन परिवार सभ के बंदोबस्ती प्रमाण पत्र निर्गत करब अछि।

———————————————————————————

कटिहार जिलाक कोढ़ा थाना क्षेत्र अंतर्गत जुराबगंजक लऽग एनएच–इकतीस पर एक बस के अनियंत्रित भऽकऽ उनटि गेला सँ पच्चीस यात्री घायल भऽ गेलाह। जाहि मे पंद्रह गोटे के स्थिति गंभीर जनाओल गेल अछि। गंभीर रूप सँ घायल लोकनि के प्राथमिक उपचारक बाद नीक सँ नीक इलाजक लेल जीएनसीएच, पूर्णियां रेफर कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————————

प्रदेशक उन्नैस जिला धरि मॉनसून पहुँचि चुकल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार आइ प्रदेशक बेसीतर भाग मे वर्षा हेबाक संभावना अछि। एहि, दरमियान आइ कैमूर, रोहतास, औरंगाबाद आ लऽग–पासक जिला सभ मे मूसलाधार वर्षा भेल अछि। एहि दरमियान पटना, औरंगाबाद, रोहतास, बेगूसराय, नालंदा आ शेखपुरा सहित चौदह जिला सभ मे भारी वर्षा हेबाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि। एहि दरमियान तेज हवाक संग ठनका खसबाक सेहो आशंका अछि।

———————————————————————————————————————

आर्थिक अपराध इकाई के टीम कुख्यात अपराधी संतोष यादवक पटना आ नालंदा स्थित पच्चीस ठेकाना सभ पर एक संग छापामारी कयलक अछि। प्राप्त जनतबक अनुसार अवैध संपत्ति आ आमदनी के स्रोत सभक जनतब प्राप्त करबाक लेल ई कार्रवाई कयल गेल।

———————————————————————————————————————

पश्चिम चम्पारण जिलाक योगापट्टी प्रखंड निवासी सारांश कुमार गुजरातक अहमदाबाद मे आयोजित प्रथम विश्व योगासन चौम्पियनशिप के रिदमिक पेयर योगासन स्पर्धा मे स्वर्ण पदक जीतलनि अछि। बेतिया पहुँचला पर सारांश कुमार के बैंड–बाजाक संग भव्य स्वागत कयल गेल।

———————————————————————————————————————

मधुबनी जिलाक बासोपट्टी थाना क्षेत्रक कौआहा सँ पुलिस चारि सय उन्नैस किलो गांजा के संग चारि तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि। पुलिस अधीक्षक योगेन्द्र कुमार जनौलनि जे गांजाक तस्करी मे डायल–एक सय बारह के चालकक संलिप्तता पाओल गेल अछि, जिनका तत्काल प्रभाव सँ निलंबित कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————————————————————

धान कीनबा मे अनियमितता करबाक आरोप मे बांका जिलाक चुटिया बेलारी पैक्स अध्यक्ष मोहम्मद शाहबाज के निलंबित कऽ देल गेल अछि। निलंबित पैक्स अध्यक्ष पर पचास लाख टाका मूल्यक धानक हेराफेरी करबाक आरोप अछि।

———————————————————————————————————————

समस्तीपुर जिलाक बढ़ौना पंचायतक चतरा गाम मे करंट लागि गेला सँ माँ–बेटाक के मृत्यु भऽ गेलनि।

———————————————————————————————————————

समाप्त भेल